



Afich Enfòmasyon sou Fason pou Manje Byen: Kisa Operatè Sèvis Manje yo Bezwen Konnen

Etablisman sèvis manje ki vann pou moun manje sou plas yo dwe montre Afich Enfòmasyon sou Fason pou Manje Byen pou kliyan yo wè. Dokiman sa a eksplike kijan pou w swiv egzijans sa a.

Ki restoran ki oblije montre afich la?

Tout restoran ki vann manje pou moun manje sou plas.

Ki kote mwen ka jwenn afich la?

Ansanm ak dokiman sa a, Depatman Sante ak Ijyèn Mantal Vil Nouyòk (Departman Sante NYC) ap voye afich la nan lang angle ak panyòl bay restoran yo. Pou jwenn afich la nan plizyè lang, rele **311** oswa ale sou sitwèb nyc.gov/health epi chèche **required signs (siy ki obligatwa yo)**.

Ki kote mwen ta dwe mete afich la?

Ou dwe mete afiche la nan restoran ou a kote l ap fasil pou kliyan an ka wè.

Ki jan Depatman Sante NYC pral fè respekte egzijans sa a?

Depatman Sante NYC pral fè respekte egzijans sa a pandan enspeksyon yo. Apati 1ye janvye 2022, restoran ki pa mete afich la jan sa nesèsè a ka peye yon amann \$200.

Èske restoran an ap resevwa yon pwen nan nòt klasman li si mwen pa mete afich la?

Non, restoran an p ap resevwa yon pwen nan nòt klasman li si ou pa mete afich la.

Kisa mwen ta dwe fè si mwen gen kesyon?

Kontakte Depatman Sante NYC, Biwo Sekirite Alimantè a nan infobfscs@health.nyc.gov.



Español | Русский | 繁體中文 | 简体中文 | Kreyòl ayisyen | 한국어 | বাংলা | Polski
العربية | Français | اردو



nyc.gov/health



[required signs \(siy ki obligatwa yo\)](#)